

LÈ W AP VWAYAJE

Sèvi ak lis sa a pou ede ou kenbe sik nan san (glikoz) ou anba kontwòl lè w ap vwayaje.



ANVAN MWEN PATI

- Èske doktè mwen te dakò pou m vwayaje?
- Èske mwen gen preskripsyon an plis?
- Èske vaksen (iminizasyon) mwen yo ajou?

LÈ MWEN PATI

Medikaman


- Yon lis tout medikaman dyabèt mwen yo, dòz yo, ak atik
- Mwatye medikaman dyabèt mwen ak ekipman medikal sou mwen ak mwatye nan valiz mwen kenbe nan men
- Yon rezèv medikaman ak atik pou dyabèt mwen yo (ak ensilin an plis nan pakè frèt)
- Si m ap vwayaje nan avyon, tout medikaman mwen ak ekipman medikal yo nan resipyen orijinal yo

Kontè Sik nan San

- Bann tès an plis
- Yon pil an plis

Idantifikasyon

- Kat idantifikasyon oswa braslè medikal dyabèt mwen
- Kat asirans medikal mwen



Lòt bagay pou m pote

- Omwen kèk ti goute 15 gram ki gen anpil sik epi ki aji vit oswa tablèt glikoz sizoka sik mwen ta bese
- Yon repa an plis pou vwayaj long oswa sizoka ta gen reta nan vwayaj la
- Soulye konfòtab mwen te mete déjà
- Nimewo telefòn doktè mwen an
- Nimewo telefòn pou rele nan ka ta gen yon ijans
- Yon plan pou ajiste plan repa mwen an si fizo orè yo chanje

